

Kowonaviris (COVID-19) KANPE PWOPAGASYON AN



Siy & Sentòm



Tous



Lafyèw 100.4°F (oswa 38°C)
oswa pi wo



Pwoblèm pou Respire

Kimoun ki bezwen plis pwoteksyon?

Tout moun ka pran, san bliye timoun ak vye granmoun. Ou gen plis chans pran l si ou souffri:

Yon pwoblèm sante tankou:

gвосès konplike, opresyon, dyabèt, VIH, kansè, anemi falsifòm, anemi, pwoblèm poumon ak maladi defiisyans iminitè.

Gwo nivo estrès ki gen pou wè ak:

- sitiyasyon kote twòp moun ap viv
- pa gen ase lajan pou achte manje
- mòd depasman se transpò piblik
- pwoblèm sante ki pa trete

Kijan viris la gaye?

Moun pa ka wè COVID-19 e pi moun kontamine moun rapid lè:

- yo kanpe nan yon distans pi piti pase 6 pye youn ak lòt, yo bay lanmen, kwoke, bo
- li gaye nan lè a si yon moun touse oswa estènye
- touche sifas kote jèm lan viv tankou manch pòt, jwèt, telefòn
- yon moun ki pa gen okenn sentòm men li genyen viris la

Nou vle pwoteje sante timoun ak fanmi yo. Men kijan nou ka anpeche kowonaviris la gaye (COVID-19).



Kenbe fanmi w nan kay la!

Pa pran transpò piblik, pa fè kontak fizik epi rete nan yon distans 6 pye ak moun.



Lave epi Kenbe lapwòpte!

Lave men w pandan 20 segonn. Pa manyen zye w, nen w oswa bouch ou. Kouvri lè w ap touse ak estènye. Netwaye sifas yo toutan.



Konbe abitud ki bon pou lasante!

Manje manje byen balanse. Fè egzèsis lakay ou. Dòmi 8 èdtan omwen lannwit.